**TASTÍYÍQLAYMAN**
Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı rektorı w.w.a.

_________________ K.Kadirov

2026-jıl «30» aprel

**Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı 2026-2027-oqıw jılı ushın ekinshi hám onnan keyingi joqarı tálimge qabıl qılıw tártibi**

Barlıq tálim baǵdarlarına tólemli-shártnama tiykarında oqıwǵa qabıllaw Sáwbet tiykarında awızsha túrde ótkeriledi.

Hár bir abiturientke 4 soraw beriledi. Hár bir sorawdıń juwabına 25 ballǵa shekem ball qoyıladı.

Sorawlarǵa berilgen juwaplar abiturienttiń usı taraw boyınsha uqıbı, dúnyaqarası hám óz kásibine bolǵan múnásibet dárejesin kórsetedi. Bahalaw kriteriyası tómendegi talaplar tiykarında ámelge asırıladı:

Sorawlarǵa juwaptıń anıqlıǵı, tolıqlıǵı, sorawdı óz betinshe talqılay alıwı, juwmaqlardı qáliplestiriw boyınsha uqıplılıq dárejesi bahalanadı.

Hár bir sorawǵa berilgen juwaptı bahalaw kriteriyası tómendegishe bahalanadı:

| Abiturienttiń sorawlarǵa juwabına qoyılatuǵın talaplar | Bahalaw balları |
|---|---|
| a) Berilgen sorawdıń mazmunın túsine alsa, ol boyınsha mısallar keltire alsa, túsinikke iye bolsa, óz betinshe pikir júrgize alsa, sorawdıń teoriyalıq hám ámeliy tárepleri tolıq sheshe alsa, juwmaq hám qarar qabıl etse, óz pikirin tolıq, jaqsı bayanlay alsa. | 23-25 |
| b) Berilgen sorawdı jeterli dárejede bilse, onıń mazmunın túsine alsa, soraw boyınsha túsinikke iye bolsa, óz betinshe pikir júrgize alsa, mısal keltire alsa, óz pikirin tolıq, jaqsı bayanlay alsa. | 18-22 |
| v) berilgen sorawdı biraz bilse, ol haqqında túsinikke ie bolsa, onıń mánisin túsine alsa, soraw boyınsha óz pikirin bayan ete alsa. | 15-17 |
| g) berilgen sorawdı jaqsı bilmese, ol haqqında túsinikke iye bolmasa, óz pikirin tolıq bayan ete almasa. | 0-14 |

Belgili bir tálim baǵdarı boyınsha sáwbet procesi juwmaqlanǵannan soń, sáwbet komissiyası aǵzaları tárepinen qoyılǵan ballar qosılıp, sáwbet komissiyası aǵzalarınıń sanına bólinedi hám tastıyıqlanatuǵın protokolǵa kirgiziledi.

Sáwbet komissiyası tárepinen tastıyıqlanǵan protokol tiykarında sáwbet komissiyasınıń qatnasqan aǵzaları tárepinen qoyılǵan ballardıń ortasha kórsetkishi 60 ball hám onnan joqarı bolǵanda abiturient sáwbetten ótken esaplanadı.

Belgili bir tálim baǵdarı boyınsha ótkerilgen sáwbet nátiyjeleri sol kúnniń ózinde abiturientlerge oqıp esittiriledi.

Joqarı oqıw ornında sáwbetler ótkeriw dáwirinde belgilengen tártipte apellyaciya shaǵımların kórip shıǵıw ushın Apellyaciya komissiyası shólkemlestiriledi.

Apellyaciya shaǵımları sáwbet nátiyjeleri járiyalanǵan waqıttan baslap 24 saat ishinde qabıl etiledi hám apellyaciya komissiyası tárepinen múrájat etkenlerdiń sanınan kelip shıqqan halda bir kún ishinde videojazıw tiykarında kórip shıǵıladı. Múrájáát mazmunı abiturient tek ǵana óziniń kiriw imtixanı nátiyjelerinen alǵan balları haqqında bolsa ǵana qabıl etiledi, biraq basqa abiturientlerdiń nátiyjeleri haqqında jazılǵan shaǵım arzaları kórip shıǵılmaydı. Apellyaciya komissiyası abiturienttiń apellyaciyasın kórip shıǵıp, onıń nátiyjesi boyınsha tiyisli qarar qabıl etedi hám qabıllaw komissiyası hám abiturientke jetkeriliwin támiyinleydi.

Sáwbet komissiyasınıń sáwbet nátiyjeleri hám sáwbettiń juwmaqlawshı nátiyjelerin tastıyıqlawshı vedomostları úsh jıl dawamında institutta saqlanadı.

Imtixan nátiyjelerine kóre eń joqarı 100 balldıń 60,0 balınan tómen bolmaǵan ball toplaǵan abiturentlerdi ballar izbe-izliginde kvota tiykarında qabıl etiledi.

Shártnamada kórsetilgen summanıń 25% in usı jıldıń 15-sentyabrine shekem tólegeninen keyin studentlikke qabıl etiledi.

Barlıq imtixanlar 2026-jıl 20-29-avgust kúnleri aralıǵında ótkeriledi.

***Esletpe:*** *1.Bul kriteriya 2026-jıl 30-aprel kúni ótkerilgen institut Keńesiniń 8-sanlı protokolı qararı menen tastıyıqlandı.*

*2. Barlıq xabarlandırıwlar instituttıń tómendegi mánzillerinde járiyalap barıladı:*

*Veb-sayt https://ndpi.uz/,*

*Telegram https://t.me/nmpi1934,*

*Instagram https://www.instagram.com/ajiniyaz_nmpi/,*

*Facebook https://www.facebook.com/NukusDPI,*

*YouTube https://www.youtube.com/@nmpi1934.*

*Qabıllaw komissiyası abiturientlerge jeke túrde xabar jetkerip beriw juwapkershiligin moynına almaydı.*